

## CHAPIT 13

### Manmanvant lan tonbe: twazyèm etap tranche a

#### Nan chapit sa a:

<b>Chèche wè ki kalite siy kò manman an ap bay.....</b>	<b>223</b>
Pèt san apre akouchman an.....	224
Chèche wè si li ap senyen anpil anvan manmanvant lan tonbe.....	226
Chèche wè si gen siy ki montre manmanvant lan dekole.....	226
Ede manman an pouse manmanvant lan soti deyò.....	227
<b>Egzaminen manmanvant lan ak kòd lonbrit la.....</b>	<b>233</b>
Chèche wè si manman an ap senyen apre manmanvant fin tonbe.....	236
Matris la mou.....	236
Vajen dechire.....	239
Lòt kalite move siy.....	239
<b>Kisa ki dwe fèt pou ti bebe a.....</b>	<b>240</b>
Kenbe ti bebe cho e byen chèch .....	240
Tcheke sante ti bebe a.....	240
Respirasyon.....	240
Batman kè.....	243
Miskilati.....	244
Reflèks.....	244
Koulè.....	244
Ede ti bebe pran tete.....	245

# Manmanvant lan tonbe: Twazyèm pati tranche a

Aprè pitit la fin fèt, manmanvant lan dwe tonbe. Sa se twazyèm etap la. Souvan, twazyèm etap la pran mwens pase inèd tan.

Se yon okasyon fèt ak kè kontan pou fanmi an lè pitit la fin fèt. Ou dwe byen sèten tout bagay nòmal e an bòn sante. Epi ou asire ou manman an ak fanmi an jwenn tan pou yo pase ak nouvo ti bebe a.



Si w gen yon moun avè w, youn nan nou ka ede manman an pandan lòt la ap siveye ti bebe a. Si w pou kont ou, li nesèsè pou w konnen si se manman an w ap bay swen anvan oswa si se ti bebe a.

- Si manman an an sante, e li pap senyen anpil, bay ti bebe a swen anvan.
- Si manman an montre move siy, ba li swen anvan, epi bay ti bebe a swen apre.
- Si ni manman an ni ti bebe a gen pwoblèm, ede manman an anvan, menm si se yon chwa ki petèt difisil.

## Chèche wè ki kalite siy kò manman an ap bay

Aprè akouchman an, ou dwe chèche wè si manman an pa gen siy enfeksyon, eklamsi, e si l pap senyen anpil (sa ka lakòz malèz ak lòt move siy). Kontwòle tansyon manman an epi chèche poul li chak 30 minit. Cheke tanperati kò l chak 4 èd tan. Cheke pi souvan si w ta wè gen move siy.

## Pèt san apre akouchman an



Pi gwo danje grav pou manman an apre twazyèm etap tranche a se lè l ap senyen anpil.

Nòmalmman, manmanvant lan soti deyò touswit apre manman an fin akouche. Answit, matris la vin kontrakte (sere, ratresi) pou evite san sispann koule nan plas kote manmanvant lan te kole a. Si manman an pap senyen oswa l pa gen okenn lòt pwoblèm sante, fanmsaj la ka ka tann pou l wè pandan fanmi an ap chèche abitwe ak nouvo ti bebe a.

Men si manman an kòmanse ap pèdi san, fanmsaj la dwe aji touswit. Lè manman an ap bay anpil san, sa ka lakòz li malad, li ka santi l fatigue anpil apre akouchman, osinon l ka menm mouri. Nan lemonn antye, pèt san (sitou lè fanm nan pèdi anpil anpil san) apre akouchman se youn nan kòz lanmò ki pi popilè kay fanm.

Pi fò pèt san apre akouchman soti nan plas kote manmanvant lan te kole a. Pandan gwosès la, venn manman an pwopaje san an nan kò matris la pou san sa ka ale nan manmanvant lan. Toutotan manmanvant lan kole ak kò matris la, manman an pap pèdi san. Lè manmanvant lan fin tonbe, venn yo ka bay twòp san si matris la pa resere vit epi pou l gentan peze venn yo fèmen.

Si manmanvant lan dekole, oswa menm yon pati landan l dekole, men l toujou anndan matris la, sa ap pèmèt matris la ret louvri. Menm yon ti moso nan manmanvant lan oswa yon ti boul san (san kaye) ki ta rete anndan matris la ka lakòz li ret louvri nan fason sa a. Lè matris la louvri, venn manman an kontinye ap ponpe san deyò, e sa lakòz fanm nan pèdi san byen vit. Donk, pou evite pèt san apre akouchman, ou dwe sèten matris la vide epi chèche wè si w ka peze pou fè l vin tou piti tankou yon ti boul byen di.

Mwayen pou w ede a depannde si manmanvant lan deja tonbe.

**Apre manmanvant lan tonbe**, fwote matris la se youn nan bon fason pou matris la kontrakte epi pou evite pèt san. Pou anpil fanm, li nesesè pou fwote matris yo pou yo ka vin resere.

### Fwote matris la

Òdinèman, matris la ratresi epi pèt san an rete lè w fè yon bon fwotman byen fèm. Mete men w anlè matris la epi peze tankou w tap vire men w an won. Matris la sipoze vin fèm e plas li sipoze nan mitan lonbrit la, li pa dwe ni bò kote dwat oswa bò kote goch. Verifye matris la chak youn a de minit pandan yon ti tan. Si l vin mou ankò, fwote l pou jiskaske li ratresi ankò ankò.



### Medikaman ki pou ede matris la vin kontrakte (ratresi)


Medikaman ka ede matris la vin kontrakte tou, epi l ka netwaye (lavman) tout sa k te rete anndan. Gen kèk medikaman ou ka bay fanm nan swa anvan oswa apre manmanvant lan tonbe, tankou oksitosen (oxytocin) ak mizoprostol (misoprostol). Men, ègometrin (ergometrine) se yon lòt medikaman ki lakòz yon gwo kontraksyon. Se lè manmanvant lan fin tonbe epi lè matris la vid ou dwe bay medikaman sa, si se pa sa, li ka lakòz kòl matris la fèmen ak tout manmanvant lan anndan matris la. Gade paj 231 pou plis enfòmasyon sou medikaman ou ka bay pou rete san an. page 231 for more on medicines to stop bleeding.

## Aji ak dilijans nan twazyèm etap la

Nan tout liv sa a nou konseye pou ou bay fanm yo swen menm jan lasyans medikal montre pou sove lavi prèske tout moun epi lakòz mwens domaj fèt.

Men, swen medikal pa yon bagay ki fasil. Travayè medikal ki gen eksperyans ak bon jan ladrès ka gen diskisyon sou fason pou yo ede moun viv an bòn sante. Epi nan anpil kote nan lemond zouti enpòtan ki pou ede sove lavi, osinon sant sante international pa disponib. Men yon egzanp:

Gwoup ki okipe yo sou zafè la sante nan lemond antye rekòmande fanmsaj ak doktè "aji ak dilijans" nan twazyèm etap tranche a. Kisa yo vle di lè yo di aji ak dilijans nan twazyèm etap la:



1. Bay tout fanm oksitosen (oxytocin) oswa lòt medikaman (gade paj 228) touswit apre akouchman,
2. Dirije manmanvant tout fanm deyò touswit apre akouchman, epi
3. Fwote matris la apre manmanvant lan tonbe.

Etid medikal sou fanm ki akouche nan lopital montre lè w aji ak dilijans li diminye kantite fanm ki senyen anpil apre akouchman. Si responsab la sante nan kominote w la rekòmande pou ou byen dirije akouchman nan fason sa a, nou pwopoze pou ou fè l.

Men nan liv sa a, nou senpman bay deskripsyon sou fason pou dirije twazyèm etap la apre yon pwoblèm prezante. Nou fè sa pou rezon sa yo nou site la a:


- Pi fò fanmsaj pa gen oksitosen (oxytocin), osinon si yo ta genyen l, li pa anpil. Epitou, anpil fanmsaj pa gen ase materyèl ki esterilize pou yo bay piki oksitosen an. Fanmsaj sa yo dwe konsève ti kras oksitosen (oxytocin) yo genyen an pou lè yon moun deja gen pèt san.
- Pi fò fanm pa gen pèt san san apre akouchman. Se pa tout fanm ki bezwen oksitosen (oxytocin), epi anpil fanm pa bezwen pran yon medikaman yo pa bezwen.
- Se yon danje grav lè w sèvi ak men w pou rale manmanvant lan soti deyò. Sa ka lakòz kòd lonbrit kase oswa w ka menm rive rale matris fanm nan met deyò kò l. Si w ap travay nan yon lopital kote yon operasyon ka petèt gen tan fèt nan lijans, sa ka evite pèt san lè w rale manmanvant lan soti deyò. Men si w lwen yon sant ijans, sa ka lakòz anpil pwoblèm ou pa gen mwayen pou rezoud lè ou sèvi ak men ou pou dirije manmanvant lan soti deyò.

### Chèche wè si li ap senyen anpil anvan manmanvant lan tonbe

Lè manmanvant lan dekolè ak matris la, toujou gen yon ti san ki jayi. Li nòmàl. Menm si kantite san sa a ta mezire yon tas oswa plis, se pa yon pwoblèm, depi l rete vit. Men lè manmanvant lan anndan toujou, pèt san ki vini san rete pa nòmàl. Pi gwo kòz lanmò nan akouchman se lè manman an senyen twòp.

Gen twa fason yon fanm ka pèdi twòp san (emoraji) apre akouchman:

- **Gwo pèt san.** Manman an petèt ka pèdi anpil san yon sèl kou, oswa san an ka jayi anpil pandan plizyè minit. Souvan, l pa pran anpil tan pou manman an vin fèb epi l santi l ap dekonpoze. **Se yon ka ijans ki grav anpil.**
- **San ap degoute tou piti.** Li difisil pou wè kalite pèt san sa a. Men, kèlkeswa pèt san ki vini san rete, menm si se degoute li ap degoute, sa vle di manman an andanje.
- **Senyen anndan (kache).** Li difisil pou wè kalite pèt san sa a akòz mas san ki fòme nan matris la oswa nan vajen an. Kalite pèt san sa a grav anpil anpil, epi l fasil pou w pa wè l. Lè fanm nan ap senyen anndan, ou ka pa wè san an, men fanm nan ka santi l fèb oswa l santi l pra l dekonpoze. Poul li ka bat swa pi vit oswa pi dousman, epi si pèt san dire, tansyon l ap desann. Piske matris la vin plen ak san li ka monte rive nan vant li.



Pi fò pèt san apre akouchman soti nan plas kote manmanvant lan te kolè ak matris la. San sa a klere oswa li nwa, e souvan li près. Souvan, si fanm nan gen pèt san anvan manmanvant lan tonbe, sa vle di yon pati nan manmanvant lan dekolè ak matris la, epi yon pati rete kolè. Manmanvant lan kenbe matris la louvri, donk matris la vin pa ka ratresi epi pou l rete san an.

Kèk fwa, yon vajen tòdye, yon kòl matris tòdje, oswa yon matris tòdye konn lakòz pèt san. Òdinèman kalite pèt san sa a degoute byen dousman e l vini san rete, Souvan, san sa a tou fen epi l gen yon koulè wouj klere.

Li pa nòmàl pou manman an ap pèdi anpil san, pou l santi l ap dekonpoze osinon pou l gen tèt vire apre akouchman an. Ou dwe fè sa k nesèsè pou ede l sispann senyen. Souvan, pèt san an rete lè manmanvant lan soti deyò. Si w pa ka jwenn rezon ki lakòz pèt san, chèche jwenn asistans medikal.

### Chèche wè si gen siy ki montre manmanvant lan dekolè

Souvan manmanvant lan dekolè ak matris la touswit (kèk minit) apre akouchman, men gendelè li ka pran yon bon ti tan anvan l soti deyò. Men siy ki montre manmanvant lan dekolè ak matris la:

- **Yon ti ponyen san jayi soti nan vajen an.** Yon ponyen san se yon kantite san ki soti yon sèl kou. San pa ni degoute ni jayi.

- **The cord looks longer.** When the placenta comes off the wall of the womb, it drops down closer to the vaginal opening. This makes the cord seem a little longer, because more of it is outside the mother's body.
- **The womb rises.** Before the placenta separates, the top of the womb is a little below the mother's navel. After the placenta separates, the top of the womb usually rises to the navel or a little above.

If 30 minutes have passed since the birth and there are no signs that the placenta has separated, be sure the baby has started to breastfeed. Breastfeeding causes contractions, and will help the womb push the placenta out. If the placenta does not come out after breastfeeding, ask the mother to urinate. A full bladder can slow the birth of the placenta. If the placenta still does not come out, see below for how to help the mother push it out.



The placenta has probably separated when there is a small gush of blood and the cord looks longer.

## Help the mother push out the placenta



If the placenta does not come by itself after an hour, or if the mother is bleeding heavily, help her deliver it.

1. Be sure the mother is already breastfeeding. If she is not bleeding too heavily, she should try to urinate.
2. Put on clean gloves.
3. Have the mother sit up or squat over a bowl. Ask her to push when she gets a contraction. She can also try to push between contractions. Usually the placenta slips out easily.
4. The membranes (or bag) that held the waters and the baby should come out with the placenta. If some of the membranes are still inside the mother after the placenta comes out, hold the placenta in both hands. Turn it slowly and gently until the membranes are twisted. When they are twisted, they are less likely to tear inside. Then **slowly** and **gently** pull the membranes out.
5. Feel the mother's womb. It should be about the size of a grapefruit or a coconut, or smaller, and should feel hard. If it is not small and hard, see page 236.



## Bay manman an oksitosin (oxytocin)

Si manmanvant lan pa ka tonbe pou kont li epi manman an gen difikilte pou l pouse l met deyò, osinon kèlkeswa lè manman an ap pèdi anpil san, ba li oksitosen pou matris la ka kontrakte, e sa ap pèmèt manmanvant lan tonbe. Anvan w ba li oksitosen, manyen vant manman an byen dousman pou asire ou pa gen yon lòt pitit nan matris la.



### Pou ede manmanvant lan soti deyò

- Mete 10CC oksitosin (oxytocin).....ba l piki a sou kote mis janm li

W ka ba li 10CC oksitosin (oxytocin) ankò apre 10 minit.  
(gade paj 345 sou fason pou w bay yon piki san danje)

### Osinon

- Ba li 600 mcg (mikwogram) mizoprostol (misoprostol).....nan bouch, yon sè l fwa

## Kòd lonbrit la ka ede w dirije manmanvant lan met deyò


Si manman an ap pèdi anpil anpil san, epi li gen difikilte poul pouse manmanvant lan met deyò, fanmsaj la ka sèvi ak kòd lonbrit la, pou l dirije manmanvant lan met deyò byen **dousman**.

Si manman an pa p pèdi san, epi pa gen okenn danje, pa rale sou kòd lonbrit la. Se sèlman nan yon ka ijans ou dwe sèvi ak kòd lonbrit la pou deplase manmanvant lan.



### ATANSYON! Rale sou kòd lonbrit la danjere anpil! Si

manmanvant lan ret kole ak matris la, kòd lonbrit la ka kase oswa w ka rale matris fanm nan deyò kò l. Si matris la sot deyò, petèt manman an ka mouri. Sèvi ak kòd lonbrit la sèlman pou dirije manmanvant lan deyò si w konnen manmanvant lan dekole.




1. Poze yon men w anlè sou zo basen manman an, epi peze sou matris la byen dousman pou verifeye si manmanvant lan dekole.


*Chèche pati anba matris la. Pouse matris la monte epi siveye kòd lonbrit la*



*Si kòd lonbrit la retounen monte nan vajen an, petèt manmanvant la kole ak matris la.*



*Si kòd lonbrit la rete nan menm plas la, manmanvant la siman pa kole ak matris la. Lè sa a, pa gen okenn pwoblèm pou dirije manmanvant la met deyò.*



2. Pwoteje matris la. Mete yon men sou vant manman an, anlè zo basen an. Peze tou piti sou li pou matris la ka rete an plas.

3. Tann yon kontraksyon vini. Lè yon kontraksyon vini, rale kòd lonbrit la desann epi deyò byen dousman. Rale fèm men byen dousman. Kòd la ka chire si w rale twò fò oswa twò vit.

Mande manman an pou l pouse pandan menm tan w ap dirije manmanvant lan met deyò.

4. Si w sispèk matris la desann pandan w ap rale kòd lonbrit la, **SISPANN RALE**. Si w santi kòd lonbrit la ap chire, **SISPANN RALE**. Si lè w ap rale kòd lonbrit la li fè manman an mal, osinon si manmanvant lan pa soti, **SISPANN RALE**. Manmanvant lan petèt pa dekole. Tann jiskaske yon lòt kontraksyon kòmanse, epi eseye ankò.

5. Rale kòd lonbrit la byen dousman jiskaske manmanvant lan sot deyò.

6. Fwote matris la (gade paj 224).



Si manmanvant lan poko ka tonbe, epi manman an kontinye ap pèdi san, si l santi li ap dekonpoze, li fèb, oswa li sanble gen lòt kalite move siy (malèz) (gade paj 239), se yon danje grav pou li. Chèche jwenn asistans medikal touswit.

Pandan w sou wout pou ale nan sant sante a, bay manman an swen pou lòt kalite move siy (malèz) (gade paj 239).





## Sèvi ak men w pou retire manmanvant lan

Si w panse fanm nan ap pèdi san jiskaske l mouri anvan w rive nan sant sante a, li petèt nesèsè pou foure men w anndan matris la pou w ka demare manmanvant lan, epi mete l deyò.



**ATANSYON!** Li danjere anpil lè w retire manmanvant lan ak men w. Li ka lakòz enfeksyon ki grav anpil, kòl matris la, manmanvant lan, oswa matris la ka chire e lakòz fanm nan pèdi san pi rèd. Doulè a di anpil pou manman lè w retire manmanvant lan ak men, epi sa ka fasilman lakòz anpil lòt kalite move siy (malèz) (gade paj 239). Pa retire manmanvant lan ak men, sèlman si se ta sèl mwayen w genyen pou sove lavi manman an.

1. Pran savon ak dlo bouyi byen vit pou lave men w ak ponyèt jis w rive anwo nan koud men w ak. Si w gen betadin oswa alkòl, vide enpe sou men w ak ponyèt ou. Si w gen gan long ki esterilize, mete yo. Answit, pa manyen okenn lòt bay, sèlman kòd lonbrit la ak anndan manman an.



2. Kenbe kòd lonbrit la byen fèm ak yon men. Ak lòt men an, kenbe kòd lonbrit la epi mache men w monte anndan vajen manman an – li ap nesèsè pou w foure tout men w anndan. Petèt manmanvant lan dekole, men l senpman rete anndan vajen an oswa anba matris la. Si se sa, retire manmanvant lan, fwote matris la jiskaske l vin di, epi bay yon piki 10 CC Oksitosen (oxytocin).

3. Si yon pati nan manmanvant lan toujou rete kole ak kò matris la, ou ka oblije foure men w anndan epi sèvi ak dwèt w pou dekole manmanvant lan soti nan kò matris la

Mete lòt men an sou vant manman an pou w ka soutni matris la. Ak men ki anndan, kenbe tout dwèt ou ansanm prèske tankou yon koub. Byen dousman mache men w monte ak kòd lonbrit la pou rive nan matris la.

Chèche jwenn kò matris la, epi pran anpil prekosyon pou touche pwent manmanvant lan ak dwèt w manman an petèt ka santi anpil anpil doulè. Li ta bon pou l gen yon moun ki e pou soutni l, pou mande l pou l respire byen fon.

Sèvi ak sou kote ti dwèt w pou leve pwent manmanvant lan soti nan kò matris la. Epi ak anpil prekosyon glise dwèt ou nan mitan manmanvant lan ak matris la pou ka grate rès manmanvant lan. (Se tankou lè w ap kale po yon zoranj oswa nenpòt lòt fwi ki gen po près.) Mete manmanvant lan deyò epi kenbe l nan pla men w. Pran prekosyon pou w pa kite okenn ti moso oswa mas san anndan.



4. Give medicine to stop the bleeding.



**Pou rete san kap soti nan matris la**

- Ba li yon piki 10 CC oksitosin.....sou kote mis janm nan

**oswa**

- Ba li 0.5 mg (miligram) ègometrin (ergometrine).....sou kote mis janm nan

**oswa**


- Ba li 0.2 mg grenn (miligram) ègometrin (ergometrine).....nan bouch, chak 6 a 12 èdtan Piki a mache pi vit pase grenn nan. Pa bay fanm nan ègometrin si tansyon l wo

**oswa**

- Mete 1000 mcg (mikwogram) mizopwostòl (misoprostol).....nan dèyè Mete gan nan men w lè w ap antre medikaman nan dèyè fanm nan, answit jete gan yo epi lave men w.

5. **Fwote** matris la byen fèm oswa peze sou li ak de (2) men w (gade paj 237) pou rete san an.

6. Ale nan yon lopital byen vit. Si manman an montre lòt kalite move siy, mete tèt li anba, epi jenou l ak janm li anlè (gade paj 239). Si manman an pèdi anpil san, ba li sewòm si w kapab (gade paj 350). Si w pa ka ba li sewòm, ba li sewòm oral (gade paj 160) oswa ba li likid nan dèyè l (gade paj 342). Gen anpil chans tou pou l trape yon enfeksyon.



**Si li ap pran plis pase inèdtan anvan pou w jwenn asistans medikal, pou evite enfeksyon**

- Ba li yon gram (1 g) amoksisilin (amoxicillin).....nan bouch, 4 fwa pa jou pandan 2 jou

**Epi**

- Ba li yon gram (1 g) metwonidazòl.....nan bouch, 2 fwa pa jou pandan 2 jou

Li nesèsè pou w bay manman an anpil antibyotik si l kòmanse montre siy enfeksyon (gade paj 271).

## Lè matris la soti ansanm ak manmanvant lan



When you see this, the womb has turned inside-out.

Sa rive yon lè konsa, matris la soti ansanm ak manmanvant lan nan kò manman an. Sa rive si yon moun rale kòd lonbrit la anvan manmanvant lan dekole ak kò matris la, oswa si yon moun peze sou matris la pou l retire manmanvant lan. Sa konn men rive tou natirèlman – menm lè pèsonn pa fè anyen ki mal.

### Ki sa ki dwe fèt


1. Byen lave men w, ponyèt w rive nan koud ponyèt w (gade paj 53), epi mete gan ki esterilize.
2. Si w genyen solisyon antiseptik (pa egzanp, yòd pwovidòn) vide enpe byen vit sou matris manman an.
3. Pran matris la byen fèm, men byen dousman pase nan vajen an ak kòl matris la pou mete l nan pozisyon nòmal li. Si w pa ka remete l nan plas li, petèt w ka woule l monte ak dwèt ou.



Pouse pati matris ki pi pre ak kòl matris la anvan, epi mache men w ale anlè matris la, pouse pati sa a anndan an dènye. Pa mete twòp fòs.



Si w pa ka pouse matris la tounen nan plas li dwe ye a, mete l nan vajen an epi mennen fanm nan nan yon sant sante. Ba li swen pou lòt kalite move siy (malèz) (gade paj 239).



4. Apre matris la fin tounen nan plas li, mase l pou l ka vin di. Petèt li nesèsè pou sèvi ak de men w pou peze sou matris la pou san an ka rete (gade paj 237). Ba li oksitosen (oxytocin), ègometrin (ergometrine) oswa mizoprostol (misoprostol) pou rete san an (gade paj 231).


5. Manman an dwe kouche sou do, epi mete yon zòrye, lèn, oswa yon kousen anba tay li. pou evite enfeksyon, ba li antibyotik (gade paj 231).



Apre w fin remete matris la nan kò fanm nan, chèche jwenn asistans medikal.

### Egzaminen manmanvant lan ak kòd lonbrit la

Swa manmanvant lan ta soti deyò pou kont li, oswa w te dirije l met deyò, ou dwe verifie pou w wè si tout la.




Souvan, tout manmanvant lan ann antye soti deyò, men kèk fwa yon ti moso konn rete anndan matris la. Sa ka vin lakòz yon enfeksyon oswa pèt san. Pou wè si tout bagay sot deyò, verifie sak lezo a, epi verifie anwo ak anba manmanvant lan tou. Cheke kòd lonbrit la tou pou wè si l nòm.

Mete gan lè w ap verifie sak yo (manbrann) ak manmanvant lan. Fè sa pou pwòp proteksyon w kont jèm ki nan san manman an.


### Anwo manmanvant lan

Anlè manmanvant lan (pati ki te an fas pitit la) mou epi l klere. Kòd lonbrit la kole nan bò sa a, epi l konekte nan yon kantite venn san ki sanble ak rasin pye bwa.

Gendelè, men sa pa rive souvan, manmanvant lan gen yon moso diplis ki kole avè l. Gade wè si gen venn san sou pwent manmanvant lan ki pa ale okenn kote. Petèt sa vle di genyen yon moso diplis ki rete anndan manman an.



There may be an extra piece inside the mother.




### Manbràn

W ka wè manbran yo pi byen lè w gade sou tèt manmanvant lan YO ap gen tan louvri apre yo fin kase, men tcheke pou wè si yo tout la.

### Anba manmanvant lan


Anba manmanvant lan (kote ki te kole ak kò matris la) gen anpil ti boul. Gendelè anba manmanvant lan ap genyen kèk tach ki di oswa kèk mak ki tou nwa. Se pa yon danje. Pou w ka tcheke sa, fèmèn men w epi kenbe manmanvant lan nan men w pou tout ti boul yo ka kole ansanm. Gade wè si genyen yon two oswa yon kote ki graje kote ki gen yon ti moso ki manke. Ti moso sa a ka anndan manman an toujou. Apre chak akouchman, se pou w pran tan w pou w gade manmanvant lan byen menm jan w pran tan pou w byen gade ti bebe a. Sa ap pèmèt w aprann kisa ki nòmal, epi ou ap ka rekonèt touswit lè gen yon bagay ki pa nòmal.



### Kòd lonbrit

Si w gade pwent kòd lonbrit la byen, ou ap wè twa (3) twou – youn(1)

gwo twou ak de(2) ti twou. Sa yo se gwo venn ak ti venn ki pote san pitit la ale vini nan manmanvant lan.



Gen kòd lonbrit ki gen de(2) venn sèlman; kèk nan timoun ki fèt ak lonbrit ki gen de(2) venn sèlman ap gen pwoblèm pi ta. Doktè ta dwe egzaminen timoun sa yo.

### Yon moso nan manmanvant lan rete andedan matris la


Si yon moso nan manmanvant lan oswa moso nan manbran nan manke, li ka rete andedan matris la. Pou w ka ede manman an pouse moso a deyò, se pou w mete pitit la ap tete manman an, osinon w mèt ba l masaj sou pwent tete l si ou ap fè lèt la soti ak men w (gade paj 285). Si manman an ap bay san, ba li oksitoksin oswa misoprostol (gade paj 228).

Si moso a pa ka soti, chèche asistans medikal.

Si fanm nan tèlman ap pèdi san ou remake li ka mouri anvan li jwenn medikal asistans, eseye retire moso yo nan matris la poukont ou.

1. Foubi men w byen epi mete gan esterilize.

2. Double dwèt w yon moso twal gaz. Matris la glise anpil, twal gaz la ap ede w chèche ti moso manmanvant lan. (Osinon mare yon fil yon moso materyèl ki byen di tankou twal gaz; esterilize l, epi kite l nan bwat zouti w. Fil la ap rete deyò manman an pou w ka rale twal gaz la soti byen fasil.) Ou dwe sèten ou sèvi ak yon materyèl ki pa p defèt epi ki pa p kite kras andedan matris manman an.



3. Antre dwèt ki double ak twal gaz la andedan matris manman an epi eseye retire tout moso manmanvant oswa moso manbran ki te rete andedan. Sa pral fè manman an mal anpil. Asire ou esplike kisa ou ap fè a epi pou kisa ou ap fè sa – esplike nenpòt moso tisi ki rete andedan matris la pral rann li enposib pou matris la ratresi epi pou l sispann senyen.

4. Apre w fin retire moso yo, ba l antibyotik pou anpeche l fè enfeksyon – gade paj 231.

Menm si w rive retire ti moso manmanvant lan nan matris la, manman an toujou bezwen asistans medikal. Li ka bezwen pran san, epi li toujou gen chans pou li fè enfeksyon. Mennen l nan yon sant sante byen vit .

### Kisa ki pou fèt ak manmanvant lan

Chak kalite moun fè yon bagay diferan ak manmanvant lan. Gen moun ki boule l. Gen moun ki seche pou yo ka sèvi avè l kòm remèd. Gen lòt moun ki jis voye l jete. Pou anpil lòt moun, achte manmanvant lan se yon bagay sakre. Nan anpil kominote, tout moun dwe vizite plas kote lonbrit yo antere anvan yo mouri.

Achete manmanvant lan se yon bon jan tou pou pwoteje kominote a kont move jèmKi gen ladan l. Si ou ap antere manmanvant lan, ou dwe mete l nan yon two ki fouye byen fon pou bèt ka pa detere l. Si w pa vle antere manmanvant lan, li bon pou boule l. Gade paj 67 pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w pwoteje kominote a kont move jèm nou jwenn nan san.



## Gade wè si gen pèt san apre manmanvant lan fin tonbe

### Matris la rete tou mou

Rezon tout moun konnen ki fè yon manman ap bay anpil san apre akouchman an se paske matris la pa ratresi. Men pito, matris la vin pi laj epi li vin tou mou apre manmanvant lan fin soti.

#### Matris la ka rete tou mou paske:

- vesi manman an plen ak pipi.
- genyen yo moso manmanvant lan oswa yon moso manbràn ki rete andedan matris la.
- matris la bezwen plis oksitoksin pou l ka ratresi.
- matris la bezwen tretman ki pou fè l ratresi.
- matris la fè enfeksyon.

### Kisa ki dwe fèt


Si matris la mou, gen kèk fason byen senp pou fè l vin di:

**Tcheke manmanvant lan ankò pou wè si gen yon moso ki manke.**

Si gen yon moso nan manmanvant lan ki rete nan matris la, sa ka anpeche l ratresi konplètman.

#### Ede manman an bay ti bebe a tete

Lè ti bebe a ap tete, kè manman an kreye pwòp oksitoksin li. Oksitoksin fè matris la ratresi menm jan te fè lè tranche a. Sa ap ede ralanti san ki ap koule a.



Breastfeeding makes the womb contract and stop bleeding.

#### Ede manman an fè pipi

Lè manman an fè pipi, sa ka pèmèt matris li ratresi pi fasil. Si li pa kapab pipi apre 4 èd tan fin pase, ou ka bezwen mete yon tib katetè andedan vesi l pou l ka pipi. Gade paj 352 pou w li kouman pou w ede manman an fè pipi epi kouman pou w sèvi avèk tib katetè.




#### Fwote vant lan

Li paj 224 pou w wè kouman pou fwote vant lan. Montre manman an ak fanmi l kouman pou yo tcheke matris la epi kouman pou yo fè l ratresi.


**Bay medikaman**

Si san an pa rete lè w fwote matris la, bay manman an oksitoksin, ègometrin, oswa misopwostòl. Gade paj 231..



**Peze vant lan ak de men**

Si l kontinye ap senyen anpil menm lè w fwote matris la, eseye peze vant manman an ak de men.



*Fè matris la fè yon boul, double l sou devan, epi prije l byen fò.*

Fwote matris la jiskaske li vin di. Fè yon demi boul ak yon men epi mete l sou tèt matris la. Mete lòt men an anwo zo basen an epi pouse matris la ale jwenn men ki fè demi boul la. Sa ta dwe pèmèt w prije matris la nan mitan de men w yo.

Kou san an ralanti epi matris la vin fèm, sispann peze vant lan pezape.

Si w konnen remèd fèy ki ka fè san rete san danje, ou mèt ba l enpe kounye a. Pa mete okenn remèd fèy nan vajan an.






## Peze andedan vajan an

Si pa gen anyen ki ka sispann senyen an, eseye peze andedan vajan an.

1. Netwaye men w epi mete gan esterilize.
2. Eksplike manman an ki sa w pral fè.
3. Fè men w vin pi pitit posib epi mete l nan vajan an. Antre men w pou ale sou dèyè vajan an, anwo bouch matris la, epi fèmen men w. Pa mete men w nan matris la. Deplase men an tou dousman - sa ap fè manman an mal.
4. Avèk lòt men w, kenbe matris la sou deyò. Rale matris la desann ale jwenn men ki fèmen an, epi prije matris la pandan ou ap rale l desann. Matris la ta dwe kòmanse vin di.
5. Lè w santi matris la vin di, lage tèt matris la tou dousman epi retire lòt men an andedan vajan an. Retire ak men w tout san kaye ki nan vajan an.
6. Kòmanse ba li sewòm si w kapab (gade paj 350).



## Swiv fanm nan byen jiskaske san an rete

Kontinye peze matris la jiskaske w santi l vin di epi san an rete. Si manman an sanble li gen nenpòt lòt malèz (fyèv, tansyon, elatriye.), fè tretman pou pwoblèm sa yo epi mennen l nan yon sant sante san pèdi tan. .



## Vajen chire

Si manman an kontinye ap senyen anpil menm lè matris di, petèt vajen li chire. Mete gan nan men paske w ka bezwen manyen andedan pou w wè ki kote ki blese a. Gade paj 248 ak 356 pou w ka jwenn enfòmasyon sou blese sa yo e kouman pou ou koud yo.




Si w pa ka koud yon blesi ki ap senyen anpil, eseye ralanti san an epi chèche asistans medikal san pèdi tan. Woule 10 a 15 moso twal gaz esterilize, oswa yon lòt kalite ti moso twal esterilize, fè l vin tankou yon tanpon epi peze l byen f sou kote kap bay san an. Kenbe l la jiskaske w rive nan yon sant sante.

## Lòt kalite move siy

Lè yon moun ap pèdi anpil, li ka devlope lòt kalite malèz/pwoblèm. Si manman an ap bay anpil san anvan oswa apre manmanvant lan fin soti, gade si li ap bay siy sa yo:

- tèt vire, feblès, anvri dekonpoze, oswa konfizyon
- kòl ap koule swe frèt
- poul li ap bat vit, plis pase 100 fwa pa minit, tou ba.
- tansyon l bese
- li ap respire vit
- pafwa li pèdi konesans


**Yon fanm ki gen malèz sa yo bezwen asistans san pèdi tan. Ou dwe pran swen l pou w ka sove lavi l.**



Pou w ka ede fanm ki gen malèz/pwoblèm sa yo, chèche asistans medikal. Pandan w sou wout:

- fè manman an kouche avèk pye l ki wo pase tèt li, ak tèt li vire sou kote.

- kenbe kò l cho e byen kal
- ba li likid. Si je l klè, li ka bwè dlo oswa sewòm oral (paj 160). Si l pèdi konesans, ba li likid nan twou dèyè (paj 342) oswa ba li sewòm nan venn (paj 350).
- Si li pèdi konesans, pa mete anyen nan bouch li - ni medikaman, ni dlo, ni manje.



Petèt w ka jwenn youn nan kalite rad espesyal yo fè pou pwoblèm maladi sa yo; rad so yo fè fòs sou janm fanm nan ak sou anba rèz kò li pou anpeche maladi sa yo lè gen yon ka

**Nòt:** Fanm ki pa gen bon sante anvan akouchman gen plis chans pou yo gen gwo pwoblèm ak pèt san apre akouchman. Ede fanm jwenn bon jan manje epi evite maladi nan gwosès se youn nan pi bon mwayen pou w ede yo evite pwoblèm nan akouchman.

## Kisa ki dwe fèt pou ti bebe a

Lè pitit la fèt, menm anvan w koupe lonbrit la, depoze l sou vant manman l. Kò manman an ap kenbe ti bebe a cho, epi sant lèt manman an ap ankouraje l pran tete. Se pou w fè dousman ak ti bebe a.

**Nòt:** Gen anpil lopital kote doktè ak enfimyè pran pitit la pou yo ale tcheke sante l. Sa fasil pou doktè ak enfimyè yo, men li pa bon pou pitit la. Pèsonn pa dwe pran pitit la nan men manman an eksepte si genyen yon ijans.

## Kenbe ti bebe a cho e pwòp

Pandan w mete pitit la sou vant manman l, seche tout kò l avèk yon twal oswa yon sèvyèt ki byen pwòp. Ti bebe santi frede fasil epi sa ka fè l fèb oswa malad. Kouvri pitit la avèk yon twal sèch ki pwòp. Asire ou kouvri tèt li epi pa kite l rete nan kourandè.

Si tanperati a cho, pa double pitit la nan lèn oswa rad ki cho. Twòp chalè ka fè pitit la dezidrate. Yon ti bebe bezwen yon (1) sèl kouch rad anplis pase sa granmoun mete.

## Tcheke kouman sante ti bebe a ye


Gen ti bebe ki fèt tou vijilan ak anpil enèji. Gen lòt ti bebe ki kòmanse tou dousman, men apre kèk minit fin pase, yo respire epi yo fè pi bon mouvman, yo pran plis fòs, epi kò yo vin pa twò ble ankò.

- Pou w ka wè kouman sante ti bebe a ye, gade :
- lè li ap respire
- lè kò l ap bat
- miskilati l
- refleks li yo
- koulè kò l

Ou ka tcheke tout bagay sa yo pandan tibebe a ap pran tete.

## Respire / pran souf

Tibebe a ta dwe kòmanse respire nòmalman youn (1) oswa de (2) minit apre akouchman an. Nòmalman si yon ti bebe kriye lè li fèt, sa vle di li respire byen. Men gen ti bebe ki respire byen san yo pa janm kriye.



Yon tibebe ki gen pwoblèm pou respire bezwen èd.

## Respire / pran souf

Tibebe a ta dwe kòmanse respire nòmalman youn (1) oswa de (2) minit apre akouchman an. Nòmalman si yon ti bebe kriye lè li fèt, sa vle di li respire byen. Men gen ti bebe ki respire byen san yo pa janm kriye.

Yon tibebe ki gen pwoblèm pou respire bezwen èd.

Cache wè si li gen pwoblèm sa yo lè li ap respire

- Twou nen tibebe a louvri byen laj lè li ap eseye respire.
- Vyann kò ki nan mitan zo kòt tibebe a rantre lè li ap eseye respire.
- Tibebe a ap respire byen vit - plis pase 60 fwa pa minit.
- Tibebe a ap respire byen dousman - mwens pase 30 fwa pa minit.
- Tibebe a ap plenn/grunts oswa li ap fè bri lè li ap respire.

Unh...unh...  
unh...unh...



Si tibebe a gen pwoblèm pou l respire, kite l sou vant manman l epi fwote do l monte desann byen fèm ak men w. Piga w janm frape oswa penchen oswa mete yon tibebe tèt anba pou w ka fè l respire. Si w gen oksijèn, bay tibebe a li si li gen pwoblèm pou l respire. Swiv tibebe a byen - si pwoblèm yo pa amelyore, li ka bezwen èd medikal.

### Pou w ka bay oksijèn a yon tibebe ki pa ka respire byen

bay 5 lit oksijèn ..... chak minit, ou 5 a 10 minit.



Si w genyen yon mas ki pou rale oksijèn pou tibebe, mete l nan figi l. Si w pa gen mas pou tibebe, fè yon demi boul ak men w byen lach sou figi tibebe a epi kenbe tib oksijèn nan tou pre nen l (1 oswa 2 santimèt devan figi l). Lè tibebe a kòmanse respire byen byen, fèmen tib oksijèn nan

Si ou ap ponpe flèm soti nan bouch ak nan nen yon tibebe ki gen pwoblèm pou l respire, sa ka pa ede l epi sa ka fè l gen plis pwoblèm pou l respire toujou.


## Tibebe a pa respire ditou

Si yon tibebe pa respire ditou apre yon (1) minit lè l fin fèt, oswa si li ap fòse respire, konnen li bezwen èd san pèdi tan. Si li pa respire kou l fin fèt, sèvo l ka domaje oswa li ka mouri. Pifò tibebe ki pa respire gen chans pou yo ka sove. Si w swiv etap w pral li la yo, tibebe a gen chans pou li sove.



## Respirasyon atifisyèl

1. Kouche tibebe a sou do. Ou dwe kouche sou yon bagay ki byen fèm - tankou yon kabann ki fèm, yon tab, yon planch, oswa atè. Genbe kò tibebe a cho. Mete yon twal cho anba l, ak yon twal anwo l, epi kite pwatrin li dekouvri. Mete tèt ti bebe a nan yon pozisyon pou figi l gade dwat anlè. Sa ap pèmèt gòj li louvri pou lè ka pase. Ou ka mete tibebe a nan pozisyon sa byen fasil lè w woule yon twal epi mete l anba zèpòl li. Pa panche tèt li twòp sou deyè - sa ap fè gòj li rebouche. Tibebe a ka kòmanse respire apre w fin mete l nan pozisyon sa a.
2. Si ti bebe a te fèt ak yon tata (mekonyòm) ki byen di, ponpe l soti deyò nan gòj li touswit (gade paj 208)
3. Mete men sou bouch ak nen tibebe a. Oswa fèmen bouch tibebe a epi mete bouch w sou nen l.
4. Pouse souf ale andedan tibebe a; pouse sèlman kantite lè ou kapab kenbe nan bouch w. Pa soufle lè fò andedan l. Twòp lè ka domaje poumon tibebe a. Pou kòmanse, bay 3 a 5 souf. Sa ap pèmèt likid ki nan poumon tibebe a soti. Apre sa, bay ti souf rapid chak 3 segond.



5. Gade pwatrin tibebe a. Pwatrin nan ta dwe ap gonfle pandan ou ap mete lè andedan tibebe a.
6. Si poumon tibebe a pa gonfle, ranje pozisyon tèt tibebe a - paske lè a pa antre nan poumon l.
7. Pouse anviwon 30 souf anndan l chak minit. Se pa yon pwoblèm si w pa pouse kantite lè a egzat la chak fwa.
8. Gade wè si li ap respire. Si tibebe a kòmanse kriye oswa si li respire omwen 30 fwa pa minit, kanpe respirasyon atifisyèl la. Rete tou pre l epi swiv li pou w asire li anfòm.

Si tibebe a pa respire, oswa si li respire mwens pase 30 fwa pa minit, kontinye ak respirasyon atifisyèl la jiskaske li kapab respire pou kont li.



**ATANSYON!** Poumon tibebe a frajil e li tou piti. Pa soufle fò lè ou ap mete lè nan poumon l, osinon w ka eklate poumon l. Pouse lè tou piti - ba li sèlman lè ki soti nan bouch w, pa pouse lè ki soti nan lestomak w.


Si sa fè 20 minit depi ou ap fè respirasyon atifisyèl epi tibebe a toujou pa ka respire pou kont li, gen anpil chans pou li pa ka respire ankò. Li ap mouri. Sispann respirasyon atifisyèl la epi eksplike fanmi an sak pase a.

**Nòt:** Lè ou ap fè respirasyon atifisyèl gen chans tou piti pou enfeksyon ka pase ant tibebe a ak fanmsaj la. Sèvi ak twal gaz epi yon ti moso twal fen pou w kouvri bouch pitit la pou ka gen mwens chans pou enfeksyon. Osinon, ou ka achte yon mas pou w sèvi lè ou ap fè respirasyon atifisyèl. Lè ou ap sèvi ak mas sa a, mete l sou nen ak bouch tibebe a epi fanmsaj la ap pouse lè ladan l. Sèvi sèlman ak mas ki fèt pou sa. Gen kote w ka achte sak espesyal avèk mas ki fèt pou respirasyon atifisyèl. Sak espesyal sa yo ka bay tibebe a egzakteman kantite lè li gen bezwen an, men w dwe resevwa bon jan antrennman pou w ka sèvi avèk yo.



### Batman kè

Lè yon tibebe fenk fèt, kè l ta dwe bat ant 120 a 160 fwa pa minit - anviwon de fwa pi vit pase batman kè yon granmoun. Tande batman kè tibebe a avèk yon estetoskop, oswa mete de (2) dwèt sou kè l. Konte batman kè a pandan yon (1) minit.



Koute batman kè chak tibebe pou w ka konnen ki sa ki nòmal ak ki sa ki pa nòmal. Si kè tibebe a bat pi dousman pase 100 fwa pa minit, oswa si kè l pa bat di tou, fè respirasyon atifisyèl pou li.

### Si kè l ap bat plis pase 185 fwa pa minit, chèche asistans medikal pou li. Li ka genyen yon pwoblèm medikal nan kè l. Lè yon fanmi pèdi yon tibebe

Si tibebe a mouri, ni manman, ni papa ak lòt manm nan fanmi an ap gen anpil emosyon. Genyen ladan yo ki ap an kòlè, gen lòt ki ap eseye pa panse ak sa ki pase a, genyen ki santi yo anba anpil chagren. Nan anpil fanmi, lè yo pèdi yon tibebe, sa gen anpil enpòtans pou sa ki gen rapò ak lafwa relijye yo. Kòm fanmsaj, ou dwe bay fanmi an kouraj nan fason yo fè l nan kominote a oswa nan fason ki pi bon pou fanmi an. Manm fanmi an ka bezwen pale ak yon moun sou doulè yo, oswa yo ka bezwen gen yon moun ki pou ede yo ak travay nan kay la.

Yon manman ki pèdi tibebe l ka bezwen asistans ak kò l. Li ap bezwen menm kalite sèvis nenpòt fanm ki fenk fè pitit gen bezwen. Tete li ap gen lèt, alò tete yo ka ap fè l mal tèlman yo gonfle. Li nan paj 288 pou w wè kouman w ka ede l jwenn soulajman ak doulè li gen nan tete l. Ou ka gen remèd fèy nan zòn nan ki pou ede rete lèt fanm, men pa ba li remèd nan famasi pou sa - remèd sa yo pa san danje.

## Miskilati

Yon tibebe ki kenbe ponyèt li ak janm li yo sere epi tou pre kò l, epi zepòl li yo ak jenou l yo pliye, sa vle di tibebe a gen bon miskilati . Yon tibebe ki gen kò l lache gen miskilati fèb. Ponyèt li ak janm li yo tou lache e tou louvri. Gen tibebe ki fèt ak kò lache si yo pat jwenn ase oksijèn anvan yo te fèt. Sepandan, yon tibebe ki an bon sante dwe montre li gen fòs nan ponyèt li ak janm li nan kèk minit apre li fin fèt.



This baby has good muscle tone.



This baby is limp.

Plis tan ponyèt li ak janm li rete san fòs, se plis sa montre tibebe a nan pwoblèm. Lè manm yon tibebe fèb, li pa ka respire byen. Si kò tibebe a parèt yon ti jan fèb, eseye fwote do l epi pale avè l. Si tout kò tibebe a lache, sitou apre premye minit la, ponpe flèm soti nan bouch li ak nen l. Li ka bezwen oksijèn tou.

## Refleks

Refleks se jan kò yon moun reyaji nan fason natirèl. Pa egzanzp, lè w tonbe, ou detire men w pou w kapab atrap pwòp kò w - san w pa menm reflechi. Osinon, lè yon ti mouch pase nan je w, ou bat je w. Lè yon moun gen gwo refleks, sa vle di sèvo l ak nèv li yo ap travay byen.

- Lè yon tibebe fenk fèt, men kalite refleks li ta dwe genyen:
- Grimas. Tibebe a ta dwe mare figi l lè w ap retire flèm nan bouch li ak nan nen l.



grimace

- Refleks mowo. Si w vire tibebe a toudenkou oswa si li tande yon gwo bri, li louvri bra l toudenkou epi li louvri men l.
- Estènen. Yon tibebe ki an bon sante ap estènen lè li gen dlo oswa flèm nan nen l. Si tibebe a pa gen okenn nen refleks sa yo men li ap respire epi kè l ap bat plis pase 100 fwa pa minit, chèche jwenn asistans medikal.



Moro reflex:  
arms open wide

## Koulè

Pi fò tibebe gen koulè ble oswa mòv lè yo fèt, men li ap koumanse pran koulè nòmal touswit nan youn (1) oswa de (2) minit.

Tibebe ki gen po nwa pa fèt ak koulè ble menm jan ak tibebe ki gen po klè. Gade men ak pye yon tibebe ki gen po nwa pou wè si yo gen koulè ble. Tout tibebe ki pa resevwa ase lè nan poumon yo ka parèt sonm oswa pal.

## ***Tibebe a rete tou pal oswa tou ble lè li fenk fèt***

Li ka pa yon pwoblèm si men ak pye yon tibebe rete yon ti jan ble oswa pal pou plizyè èd tan. Men li pa nòmal pou kò tibebe a rete pal oswa ble pou plis pase 5 minit.

Souvan, si yon tibebe rete ak koulè pal oswa ble se paske li gen pwoblèm pou respire.


### Epitou tibebe ka rete ak koulè ble:

- lè yo frèt
- lè yo fè enfeksyon
- lè yo gen pwoblèm nan kè

I pou wè si kò l cho. Vlope tibebe a nan lèn oswa nan twal, epi kouvri tèt li. Si w gen bone, mete youn nan tèt tibebe a.

Si apre w chofe tibebe a li toujou gen koulè ble oswa pal, li bezwen asistans pou li respire. Ba li oksijèn si w genyen. Tcheke batman k l ak souf li. Si tibebe a gen pwoblèm pou l respire, gade paj 240.

Si tibebe a toujou gen koulè ble oswa li pal, chèche asistans medikal.



### Ede tibebe a pran tete

Si tout bagay nòmal apre akouchman an, manman an dwe bay pitit la tete touswit.

Li ka bezwen èd pou l kòmanse. Chapit 16, kòmanse nan paj 280, pale sou bay tibebe tete, epi li eksplike ki pozisyon ki pi bon pou bay tete.



Premye lèt ki soti nan tete manman gen yon koulè jòn epi yo rele l kolostwòm. Gen fanm ki kwè kolostwòm pa bon pou tibebe a, epi yo pa bay tibebe a tete premye jou apre akouchman an. **Men kolostwòm enpòtan anpil!** Li pwoteje tibebe a kont enfeksyon. Kolostwòm gen pwoteyin tout tibebe bezwen.

Lè tibebe a kòmanse tete touswit, li bon ni pou manman an ni pou tibebe a.

- Bay tete fè matris la reprann fòm li. Sa ede manmanvant lan soti deyò, epi sa anpeche l pèdi anpil san.
- Bay tete ede elimine flèm nan nen ak nan bouch tibebe a epi li respire pi fasil.
- Bay tete se yon bon fason pou manman an ak tibebe a vin abitye youn ak lòt.
- Bay tete rekonfòte tibebe a.
- Bay tete ka ede manman an lache kò l epi l santi kè kontan ak tibebe a.

Si tibebe a sanble l pa ka pran tete, gade wè si li gen anpil flèm nan nen l. Pou w ka mete flèm yo deyò, mete tibebe a antravè sou lestomak manman l avèk tèt li pi ba pase rès kò l. Pase men w sou do l, soti nan ranch li pou rive sou zepòl li. Apre flèm nan fin soti, ede fè tibebe a rekòmanse tete.

